Ассаламу гІалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№53-54

(9797-9798)

2016 соналъул
23 сентябрь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ВЕТЕРАНАЗУЛ ДАНДЕЛЪИ



Араб анкьалъ военкоматалъул кІалгІаялда жаниб тІобитІана ветераназул советалъ гІуцІараб данделъи. Данделъиялъул аслияб масъала букІана араб соналъ гьабураб хІалтІул хІисаб кьей ва хадур ккун гьаризе кколел ишазул план гІуцІи. Гьенир ракІарун рукІана Ветераназул советалъул председатель Камалудин ШагІбанов, районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель ГІабдулдибир ГІабдулдибиров, социалияб страхованиялъул нухмалъулев Закарья Закариев,ЕДВ ялъул отделалъул начальник СагІид ХІасангІалиев, поликлиникаялъул правизер МухІамадов МухІамад, социалияб рахъалъ халкъ цІуниялъул отделениялъул заведующая ХІабият ГІабдурашидова ва ПатІимат Хъайтмазова, спорталъул гІолилазул ва туризмалъул отделалъул кІудияв специалист Шамиль Лабазанов ва росабазул ветеранал.

Гьабураб хІалтІул хІисаб кьун кІалъазе цеве вахъана ГІалахъ росдал ветераназул советалъул председатель ГІарипов ГІарип Ассаламу гІалайкум, хІурматиял ветеранал, куталдаса кІвар кьун лъикІаб хІалтІи гьабула нижеца, росдал гьоркьохъеб школаги цадахъ лъугьун, гІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьеялъулъ, кьола музеялдаги рачун дарсал, Къурбан къоялда хурхун гьабуна гІолохъанаб гІелалъе спортивиял къецалиланги абун ГІарипица гьабураб хІалтІул кинабниги хІисаб цебе лъуна. Ва ахиралда баркала кьуна ветераназул советалъегун социялиб рахъалъ халкъ цІуниялъул идарабазул хІалтІухъабазе къойилаб кумекалъухъ ва гьабулеб хІалтІулъ хІаракатаб квербакъиялъухъ.

Гьединго гьабураб хІалтІул бицун ва цІиял предложенияби кьун кІалъазе рахъана Хъайтмазова ПатІимат, ГІабдурашидова ХІабият, Лабазанов Шамиль.

Пачалихъалъул рахъалъе ветераназе бугеб кумекалъул бицун кІалъазе рахъана поликлиникаялъул, ЕДВялъул, социалияб страхованиялъул вакилзаби.

КІалъазе рахъаразул щивас ветераназул суалазе жавабалги кьуна.

**З.МУХІАМАДОВА**



## КЦСОНалъул цІияв нухмалъулев


ГІусманов МухІамадрасул Муртузович

гьавуна 1973соналъул 29 маялъ Болъихъ росулъ колхозчагІазул хъизамалда. 1988 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугІизабун цІализе лъугьана Болъихъ техническияб училищеялде.Гьениб тракторист-машинистасул махщел щварав МухІамадрасул 1991 соналъ ана армиялде.

Армия тІубан тІад вуссиндал цІализе ана МахІачхъалаялда «Управление и Бизнес» институталде. 2000соналдаса нахъе байбихьана хІалтІулаб хъулулхъалде,Ульяновск шагьаралда мебель гьабулеб фабрикаялъул коммерческияв директорлъун.

2005 соналъ хІалтІана «Инвестрой Асфальт» строительныяб фирмаялъул директорлъун.

2005 соналъ вищана росдал советалъул собраниялде депутатлъун.

2010 соналъ вищана росдал администрациялъул бетІерлъун. Щуго соналъ гьеб хъулухъалда хІалтІулаго МухІамадрасулие щвана лъикІаб нухмалъиялъулаб махщел. 2015 соналъги цІидасанго вищана росдал советалъул депутатлъун. Йиго хъизан ва лъабго лъимер.

Гьаб соналъул 2 сентябралъ МухІамадрасул тІамуна КЦСОНалъул нухмалъулевлъун.

**Выборы депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации седьмого созыва**
**18 сентября 2016 года**

# ПРОТОКОЛ № 1

**территориальной избирательной комиссии**
**об итогах голосования по одномандатному избирательному округу № 12**
**Республика Дагестан - Южный одномандатный избирательный округ**
**на территории Ботлихский район**

| Фамилии, имена и отчества внесенных в избирательный бюллетень зарегистрированных кандидатов | | Число голосов избирателей, поданных за каждого зарегистрированного кандидата | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | абсолютное значение | | | | | | в процентах от числа избирателей, принявших участие в голосовании |
| 19 | Абдурахманов Гайирбег Магомедович | 0 | 0 | 0 | 0 | 5 | 4 | 0,22 |
| 20 | Акулиничев Сергей Вячеславович | 0 | 0 | 0 | 0 | 1 | 8 | 0,07 |
| 21 | Гаджиев Хаджимурад Абдулхаликович | 0 | 0 | 0 | 0 | 5 | 5 | 0,23 |
| 22 | Джафаров Ирасхан Раджабович | 0 | 0 | 0 | 4 | 3 | 3 | 1,80 |
| 23 | Джиккаев Владимир Мелитонович | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 | 1 | 0,09 |
| 24 | Ибрагимгаджиев Ибрагимгаджи Магомедгасанович | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 | 0 | 0,08 |
| 25 | Маграмов Абдулмажид Варисович | 0 | 1 | 1 | 0 | 0 | 3 | 45,67 |
| 26 | Умаров Дада Расулович | 0 | 0 | 0 | 1 | 1 | 2 | 0,46 |
| 27 | Хархаров Абусупьян Магомедович | 0 | 1 | 2 | 1 | 7 | 2 | 50,52 |
| 28 | Эседов Альберт Абдурахманович | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 3 | 0,01 |
| 29 | Юзик Юлия Викторовна | 0 | 0 | 0 | 0 | 3 | 2 | 0,13 |

**Выборы депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации седьмого созыва**
**18 сентября 2016 года**

# ПРОТОКОЛ № 2

территориальной избирательной комиссии
об итогах голосования по федеральному избирательному округу
на территории Республика Дагестан, Ботлихский район

| Наименования политических партий, зарегистрировавших федеральные списки кандидатов | | Число голосов избирателей, поданных за каждый федеральный список кандидатов | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | абсолютное значение | | | | | | в процентах от числа избирателей, принявших участие в голосовании |
| 19 | 1. ВСЕРОССИЙСКАЯ ПОЛИТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ «РОДИНА» | 0 | 0 | 0 | 1 | 4 | 6 | 0,61 |
| 20 | 2. Политическая партия КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ КОММУНИСТЫ РОССИИ | 0 | 0 | 0 | 1 | 2 | 8 | 0,53 |
| 21 | 3. Политическая партия «Российская партия пенсионеров за справедливость» | 0 | 0 | 0 | 0 | 6 | 7 | 0,28 |
| 22 | 4. Всероссийская политическая партия «ЕДИНАЯ РОССИЯ» | 0 | 2 | 1 | 5 | 5 | 1 | 89,49 |
| 23 | 5. Политическая партия «Российская экологическая партия «Зеленые» | 0 | 0 | 0 | 0 | 8 | 1 | 0,34 |
| 24 | 6. Политическая партия «Гражданская Платформа» | 0 | 0 | 0 | 0 | 4 | 9 | 0,20 |
| 25 | 7. Политическая партия ЛДПР - Либерально-демократическая партия России | 0 | 0 | 0 | 6 | 7 | 5 | 2,80 |
| 26 | 8. Политическая партия «Партия народной свободы» (ПАРНАС) | 0 | 0 | 0 | 0 | 1 | 8 | 0,07 |
| 27 | 9. Всероссийская политическая партия «ПАРТИЯ РОСТА» | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 9 | 0,04 |
| 28 | 10. Общественная организация Всероссийская политическая партия «Гражданская Сила» | 0 | 0 | 0 | 0 | 1 | 3 | 0,05 |
| 29 | 11. Политическая партия «Российская объединенная демократическая партия «ЯБЛОКО» | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 | 9 | 0,12 |
| 30 | 12. Политическая партия «КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ» | 0 | 0 | 0 | 8 | 0 | 0 | 3,32 |
| 31 | 13. Политическая партия «ПАТРИОТЫ РОССИИ» | 0 | 0 | 0 | 0 | 4 | 0 | 0,17 |
| 32 | 14. Политическая партия СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ | 0 | 0 | 0 | 1 | 8 | 1 | 0,75 |

**Выборы депутатов Народного Собрания Республики Дагестан шестого созыва**
**18 сентября 2016 года**

# ПРОТОКОЛ

территориальной избирательной комиссии об итогах голосования
на территории ______________________
по республиканскому избирательному округу

| Наименования избирательных объединений, зарегистрировавших республиканские списки кандидатов | | Число голосов избирателей, поданных за каждый республиканский список кандидатов | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | абсолютное значение | | | | | | в процентах от числа избирателей, принявших участие в голосовании |
| 19 | 1. Партия «СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ» | 0 | 0 | 0 | 0 | 7 | 5 | 0,31 |
| 20 | 2. Региональное отделение Трудовой партии России в Дагестане | 0 | 0 | 0 | 1 | 9 | 7 | 0,82 |
| 21 | 3. «ПАРТИЯ ВОЗРОЖДЕНИЯ РОССИИ» в Республике Дагестан | 0 | 0 | 1 | 3 | 9 | 8 | 5,81 |
| 22 | 4. Дагестанское региональное отделение «ЕДИНАЯ РОССИЯ» | 0 | 2 | 0 | 8 | 7 | 3 | 86,67 |
| 23 | 5. Дагестанское региональное отделение ЛДПР | 0 | 0 | 0 | 6 | 9 | 2 | 2,87 |
| 24 | 6. Дагестанское отделение политической партии «Российская партия садоводов» | 0 | 0 | 0 | 1 | 6 | 4 | 0,68 |
| 25 | 7. Партия «Союз Труда» | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 | 3 | 0,10 |
| 26 | 8. ДРО РОТ ФРОНТ | 0 | 0 | 0 | 0 | 3 | 5 | 0,15 |
| 27 | 9. Дагестанское республиканское отделение «КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ» | 0 | 0 | 0 | 3 | 9 | 5 | 1,64 |
| 28 | 10. Дагестанское региональное отделение политической партии «ПАТРИОТЫ РОССИИ» | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 | 3 | 0,10 |

# Гьидаят



*1437с. Зуль-хIиджа*

Молодежная исламская газета



АЛЛАГЬАС ЛЪУРАБ НУХ ДИН-ИСЛАМ БУГО



5



*МУГIАЛИМАСУЛ ПИКРУ*



6


# КОНКУРСАЛЪУЛ ХIАСИЛАЛ ГЬАРУНА



Дагъистаналъул цогидал районаздагун шагьараздаго гIадин нильер районалдаги лъазабун букIана «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан конкурс. Гьеб конкурс тIобитIана лъабго батIи-батIияб заманалдеги бикьун. Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна кинавниги 170 чияс. КIиабилеб туралде рорчIана 62 чи. Гьездасанги 19яв ворчIана лъабабилеб туралде. Турал тIоритIана анкьабилеб 14 ва 21 абилеб августалъ. ХIалтIабазул хал гьабулеб букIана анцIго чиясдасан гIуцIарал районалъул имамзабазгун гIалимзабаз.Ва 27 августалда микрорайоналда бугеб ДЮСШялъул кIалгIаялда тIобитIана конкурсалда бергьаразе шапакъатал кьеялъул тадбир.





## *КЪУРБАНОВ МУХIАМАДНУР*



Гьавуна ва гIуна Инхело росулъ. ЦIалун лъугIизабуна Инхело росдал школа. Исламияб лъай босана Болъихъ мадрасаялда ва росулъ. Таманалго соназ хIалтIана МухIамадгIарифил цIаралда бугеб ДИУялда проректорлъун. Жакъа къоялдаги дарсал кьолев вуго ДИУялда. 2014 сонaлдаса нахъе МухIамаднур Динияб идараялъ тIамуна районалъул имамлъун.

МухIамаднурица дарсал кьола Болъихъ, КIаратIа, Щумада, Гумбет, Унсоколо районазул росабазул дибирзабазе. МухIамаднур ккола Муфтиясул МугIрузул Территориалияб Округалда анлъго районалъул вакилги.



# *ШАПАКЪАТАЛ КЬЕЯЛЪУЛ МАЖЛИС ТIОБИТIАНА*

27 августалда микрорайоналда бугеб ДЮСШялъул кIалгIаялда тIобитIана «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан тIобитIараб конкурсалда бергьенлъи босаразе шапакъатал кьеялъул тадбир. СагIат анцIила цо тIубалеб лахIзаталъ гьенире ракIарана конкурсалъул гIахьалчагIигун, гIагабожаралгун балагьизе рачIарал гIадамалги Дагъистаналъул Динияб идараялъул гIалимзабиги. Тадбир бачана дагIваталъулаб мажлис гьабигун цадахъТадбир рагьана районалъул имамасул заместитель ХIусен Расуловас Щибаб санайил бихьизабун буго сон хасаб суал борхиялда хурхараб. Араб сон букIана какалъул, исана сон бихьизабун буго гIадамазул ахлакъал лъикIлъизабиялъул сонлъун. Гьелда хурхун Муфтияс хъвана тIехь нильее чара гьечIого лъазе кколеб. Гьеб тIехьалдасан бугеб пайда бичIчIун хадуб хIукму гьабуна гьелда тIасан конкурсал гьаризе. Гьединабго конурс тIобитIана нильер районалдаги.Ва жакъа гьелъул хIасилалги гьарун бергьаразе шапакъатал кьеялъул тадбир буго гьабулеб. Шапакъат бихьизабун буго 21 чиясе 19 бергьарасеги, бищун соназе кIудиясе ва бищун соназе гьитIинасеги.


***(Ахир 4аб. гьум.)***

# ШАПАКЪАТАЛ КЬЕЯЛЪУЛ МАЖЛИС ТIОБИТIАНА

*Авал Заб-гьум.*

**Гьелдаса хадуб ХIусеница рагIи кьуна муфтиясул мугIрузул территориальнияб округалда вугев вакил ХIасан-хIажие.**



Ассаламу гIалайкум хIурматиял диналъул вацалгун яцал. Аллагьасул цIоб рахIмат рещтIаги нилъ киназдего, хабар лъикIаб рагIаги бихьараб хIехьезе сабру кьеги. Гьалеха ахиралде щвана «ЛъикIал тIабигIатазул ах абураб тIехьалда тIасан гьабураб конкурс. Конкурсалда гIахьаллъарал киназулго ва гIахьаллъизе щвечIониги тIехь цIаларазул ракI букIине ккола тIоцебесеб иргаялда тIехьалдасан щвараб гIелмуялда гIамал гьабиялда ракI гьетIараб. ГIелмуйиланго гIамал гьабиялда абула. Гьединлъидал аслияб мурад букIине ккола долда гIамал гьаби. Гьаб кутакалда кIвар бугеб конкур букIана. ГIемерав чияс хIалтIи гьабуна гьалда тIад. Имамзабаз, кураторaз, рокьорокьоре щун бицун Аллагьас кьабул гьабейги гьезул гьеб. Нилъеца тадбир бачина кIалъазе рагIи кьун призал кьуниланги абун **ХIасан-хIажица рагIи кьуна Северний рахъалъул уполномоченый представитель Надирбегов АхIмадие.**



Ассаламу гIалайкум диналъул вацалгун яцал. Аллагьас баракат лъейги гьаб мажлисалда.Гьаб кIудияб район буго Гьаб районалда мажлисалде гьадигIан дагьал чагIи рачIин лъикI гьечIо.

Цогидал районазда гIадамал рачIунеб куц бихьараб мехалда цодагьаб рекIеда тункулеб буго гьал гурони гIадамал рачIинчIого рукIине бегьилищ абун. Гьал организатораз гIемераб хIалтIи гьабуна гьелда нижер щаклъиги гьечIо.

Бугониги хадубккун гьадинал тадбирал гьарулелъул гIемерал рукIинилан нижер хьул буго.

Гьаб конкурс тIоцебе Кизляралда тIобитIана. Гьеб районалъул имамас жинцаго гьабуна. Гьениб конкурсги тIобитIун шапакъатал кьолелъул берцинаб баракатаб мажлис гьабуна. МухIамад-хIажиги ун шапакъатал кьолеб мехалда бокьана щивав имамасе гьадинал конкурсал жиде-жидер районаздаги тIоритIизе. Гьеб предложение идараялда цебеги лъун хIукму гьабуна щибаб районалда тIобитIизе. Конкурсалде рачIинчIониги тIехь цIаларал чагIи гIемерал руго.

Гьаб тIехь цIалун хадуб гIемерал хиса-басиял ккана цIаларазул рекIелъе, хьизаналъулъе. Чанги гIалимчиясда бичIчIана живго гIалимчи гьечIеблъи, чанги муридчиясда бичIчIана живго муридчи гьечIеблъи. Щайгурелъул гьоб тIехьалда хьвараб жоялда рекьон жинцаго гьабулеб гIамал батичIолъиялъ. Чанго гIурус чияс гьеб тIехь цIалун хадуб исламияб дин босана, цоял тIарикъат босиялде рачана. Щуго анлъго моцI буго гIемерал гIадамал гьеб тIехь цIалиялде руссун. Гьеб ккана гьал гIадамазе вакцина гIадаб жо. Аллагьасе рецц буго нилъер Дагъистаналда гьадинаб тIехь хьвалел гIалимзаби, щайихзаби рукIиналъухъ. Гьеб тIехь тIоцебе магIарул мацIалда хьван букIана хадуб гIурус мацIалде буссинабуна, рахьана, гIадамазухъе щвезе гьабуна гьединаб гIадамал рукIиналъухъ Аллагьасе шукру гьабизе ккола Аллагьасе рецц-ги буго. Гьадинал мажлисазги баракат кьола райональего. Дие бокьун буго баркизе гьанир гIахьаллъарал киназдаго, тавпикъ кьеги хаду-хадубги гIахьаллъи гьабизе гьадинаб мажлисалде. Амин.

**Гьесдаса хадув шапакъат кьезе цеве ахIана конкурсалъул бищунго кIудияв гIахьалчи 1937 соналъ гьавурав МигIарсо росулъа Джамалудинов Абакар.**



Гьесие бокьана цо чанго рагIи абизеги гьаб тIехьалда тIасан. Ассаламу гIалайкум хириял диналъул вацалгун яцал. Дие бокьун буго баркала кьезе гьаб тIехь кьватIибе биччарав нилъер муфти АхIмад-хIажие. Гьаб тIехь дие цIакъго бокьана. Гьаниб бицен гьабулеб буго чIухIи, гьибат бугьтан, нафс, мацI гьаби гIадал гIадамасул рухIалъе кIудияб зарал кьолел жалазул. Мисалалъе рачун руго асхIабзабазул, гIалимзабазул гIумрудул лъугьа-бахьиналгун, гIакъилал рагIаби.Дица тIоцебе гьаб тIехь босидал лъималазда абулаан дие тарджама гьабейин абун хадуб гьез дие бачIана гьеб магIарул мацIалда хьвараб. Ва гьелдалъун дида гIемераб жоги лъана.Баркала буго киназего гьаб тIехь хьваразеги, гIуцIаразеги, гьалда сверухъ хIалтIи гьабуразеги. Гьарула хадубккунги гьадинаб хIалтIи гьабизе икъбалги тавакъалги.

**Гьесда хадув цеве ахIана бищун гьитIинав гIахьалчи Инхело росулъа Къурбанов Къурбан.**



**Хадуб кIалъазе рагIи кьуна ГIабдулаев МухIамадгIарифие**



Ассаламу гIалайкум диналъул вацалгун яцал. Баркула киназдаго гьаб рохалилаб мажлис. Гьавгонияв чияс цIалун буго гьаб тIехь. Аби буго тIарикъаталъул тIахьал Аллагьасул боялдаса цо бо буго абун. Гьаб тIехьалда жаниб гьаб хьварав чиясул рухI букIуна. Гьесул мурадги букIуна чорхолъ ратаралги рекIелъ ратаралги гIелму- гIамалал щвезаби гIадамазухъе. ГIамал гьабулеб гьечIонигицин цIализе ккола. ЦIалун хадуб гьалъ жинцаго гьабула чиясе пайда. ХIажалъи ккараб бакIалда ракIалда бачIуна, малъула чиясда битIараб нух.

Нижеца гьабулеб хIалтIулъ жагьаллъи батаниги нижеда абе. Ва гьари буго Аллагьасе гIололъун тIаса лъугьаян.Аллагьас тавпикъ кьеги хаду-хадурги гьадинал мажлисал гьаризеги, лъазабизеги лъаралда гIамал гьабизеги.

**КIалъазе рагIи кьуна муфтиясул заместитель Кахаев АхIмадие.**



Ассаламу гIалайкум диналъул вацалгун яцал. ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго баркизе цIализе, лъазабизе замана бати. Аллагьас нужее рохелги кьеги. ГIадамал дагьал ругин абулеб буго. Рихьизе дагьал ратаниги баракат бугел ратаги. Цо нухалъ имам ШафигIихье вачIун вуго цояв жиндир хважаинасда абейила жиндир хьулухъалъухъ жиндие анлъго динар кьейилан. Жиндие щуго гIолеб гьечIин. Имамас гьев витIун вуго ункъго кьейин абунин жинцайиланги абун. Ун вуго хеккого вачIун вуго гIолеб гьечIин абизе лъабго кьейин абейиланги абун витIун вуго. Ун вуго тамабго замана вачIун гьечIо дов хьулухъчи. Цо къоялъ дандчIван вуго лъикIаб ретIелги ретIун, лъикIаб магIишаталда ватун вуго. Щиб ккараб абун цIехедал абун буго гьанже гIолеб бугин. Дур доб анлъго динаралда лъабго баракат бахьараб букIанин гьелъ гIолеб букIинчIин абун буго имамас. Гьединго Аллагьас баракат бугел ратаги рачIарал.Аллагьасе рецц буго устарзабиги, гIалимзабиги кьун руго. Гьаб тIехь цIалидал дида ракIалда кколеб буго гьаб тIехь диего хьвараб батилин абун. ТIехьалъул хIакъалъулъ бицен ккедал дида цо чияс абуна живго гьадинав гьечIони гьаб тIехь гьадин хьвазе рес гьечIила. Гьаб тIехьалдасан пайда босизе Аллагьас тавпикъ кьеги киназего. ГIадамазе баркала кьезе кIоларев чияс Алагьасеги баркала кьоларо. Дица нужее гьарула диего гьарулеб Аллагь нужеда киназдасаго разилъаги.

Гьединан вагIза насихIатгун тIобитIана бергьаразе шапакъатал кьеялъул конкурс.

**З. МУХIАМАДОВА**

## Бергьенлъи босарал



**ХIУСЕНОВА**
**ХIалимат**
**росу Кванхидалъ**
**1 бакI**



**ГЪАЗИЕВ**
**НурмухIамад**
**росу Кьохъ**
**2 бакI**



**ГIАБДУЛМАЖИДОВ**
**МухIамад**
**росу Кьохъ**
**3 бакI**

# АЛЛАГЬАС ЛЪУРАБ НУХ ДИН-ИСЛАМ БУГО

***Расулов ХIусен ХIасанович гьавуна Кванхидалъ росулъ. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун цIализе ана ЧIикIаб СагIид Афандил цIаралда бугеб «Нурульиршад» институталде. Гьенив цIалун вахъидал практикаялъе витIана Комсомольскалда бугеб мадрасалде. Микьго соналъ цIалун гьеб институтги лъугIизабун вачIарав ХIусен тIамуна Кванхидалъ росдал дибирлъун. Цадахъго бачана лъималазда гIелму малъиялъулаб хIалтIиги. ИчIго соналъ Кванхидалъ росдае дибирлъиги гьабун ХIусен тIамуна районалъул имамасул тIоцевесев заместителлъун ва цадахъго бачунеб буго микрорайоналда бугеб мажгиталда дибирлъиги.***



***ХIусен, районалъул имамзабазул советалъул аслияб масъала, щиб?***

Аслияб масъала буго районалъул имам Кьурбанов МухIамаднурил нухмалъиялда гьоркь тIадкъараб хIалтIи тIубай. Гьелде гьорлъе уна учреждениязде хьвадун дагIват гьаби, моцIалда жаниб цо нухалъ щола школабазде, щола росабазул жамагIатазде аскIоре цIехола камураб кватIараб, гIолохъанаб гIелалъулгун гьарула дандчIваял. Гьединал дандчIваязда борхула терроризмалъул, гьекъолдиялъул, наркоманиялъул суал. Бицуна гIолохъанаб гIуж сунде ва лъиде буссине гьабизе кколебали. Гьединго росабалъ тIоритIула руччабазул хассал дандельаби. Дибирзаби хис-хисула щибаб рузманалда кьола гьезухъе хасс гьабун тема рузманалда рагьизе. Темаби рукIуна аслияб куцалда халкъалда жаниб бугеб унти борхулеб цIар тIами гIадаб гьереси бицин гIадаб, палахъабазухъе хьвади гIадаб. Раккарал суалазе шаргIиял жавабал кьола.Цо-цо маслихIат гьабизе ккараб суал росабалъе-бакIалде ун маслихIат гьабула. БатIи-батIияв имам витIула телевидениялдаса вагIза гьабизе. ТIоритIула къецал: чIорал речIиялъул, гири борхиялъе, гамачI рехиялъе. Гьединго нижеца исана тIобитIана «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан конкурс. Гьеб байбихьилалде лъабго моцIалъ цебе телевидениялдаса кIалъазе цере-рахъун, къадада игIланал чIван конкурс тIобитIизе букIин лъазабуна халкъалда.Гьединго гьеб мурадалъе щвана щибаб росулъе материал щвезабизе, щвезабуна имамзабазухъе, кьуна тIахьал, буклетал.

***РукIунищ шаргIияб суал баккун ахIулел ?***



РукIуна. Къойида жаниб 2-3 звонок камураб къо букIунаро нижер.

***Аслияб куцалда кинал суалал гIадамазул ругел?***

ГIемерисел суалал рукIуна ирс бикьиялда, цIар тIамиялда хурхун ва шаргIиял цойги суалалги камуларо.

***Учреждениязде дагIватгун хьвадулелъул гIадамаз кин къабул гьарулел?***

Кутакалдасан рохун къабул гьарула. Жеги рукIана абулел цебеккунго байбихьизе кколеб букIанин, битIун дин бичIчIичIел чагIаз халкъ балъаргъилелдеян.

***Цогидал районазда гIадин нилъер районалда рикьалаби ругищ?***

Рикьалаби гьечIо. Гьеб рахъ нилъер районалда цогидал районазде дандеккун роцIун бугин абизе бегьула.

***Гьабураб хIалтIул хIасил лъида цебе нужеца кьолеб?***

Щибаб моцIрол ахирисеб щамат къоялъ Шамиль хьалаялда тIобитIула совещание. Гьенир рукIуна мугIрузул районазул муфтиясул вакил ХIасанхIажи муфтиясул заместитель Кахаев АхIмадхIажи ва гьенир гIахьаллъула цогидалги. Гьабураб хIалтIул кьола отчетал ва гьабизесеб хIалтIул планги босула.

***Нижер газета гьоркьоб ккун халкъ тIобитIизе ихтияр кьунани кIиго рагIиялдалъун щиб дуца абилеб букIараб?***

Щивав инсанасе хьул лъурабщинаб жо кисан щолеб амма нилъер хьул букIине ккола цохIо Аллагьасде. Щивав чиясда бихьизе ккола жиндие Аллагьас лъураб нух дин-ислам букIин.

***Дур мурад?***

Дица гьарула районцоязе сахлъиги, рохелги щулияб иман дунялалъул ахирги ахираталъул авалги битIун ккей. РухI иманалда бахьи. Ва гьединго гьарула хасго гьаб ахир заман хал гьабун диналъул вацлъи цIуни. Районалъул имамасда муфтиясда нахъ рилъун исламалда сверухъ цолъи.Дир анищ буго район дин-исламалда сверухъ цолъи, ва нилъее, ракI-ракIалъе дин ислам бокьи, цIуни.

***З.МУХIАМАДОВА.***



# «ЛЪИКIАЛ ТIАБИГIАТАЗУЛ АХ»- АБУРАБ ТIЕХЬАЛДА ТIАСАН КОНКУРСАЛЪУЛ ГIАХЬАЛЧАГIАЗУЛ ПИКРАБИ

**ГIабдулкъадырова ПатIимат ГIабдулшариповна.**

Аллагьасе рецц нилъее гьадинаб тIехь цIализе рес кьуралъухъ. Гьеб тIехь цIаларав чиясе кIудияб пайда букIуна ин ша Аллагь гьаб дунялалдаги, ахираталдаги, цIаларалда рекъон гIамал гьабуни. Гьеб тIехьалда буго инсанасе мисаллъун рукIизе батIи-батIиял, рекIелъ асар кьолел, асхIабзабазул, табигIуназул, авлияазул, щейхазул историяби.

Ва гьединго нилъер хирияв Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисал, хирияб Къуръаналдаса аяталги.

**ХIажиева ГIайшат Сулеймановна Росу КIижани**

ТIоцебесеб иргаялда АльхIамдулиллагь шукру щибаб рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго, гьаб диналда дун ятаралъухъ. АльхIамдулиллагь кIудияб асар гьабуна дие гьаб тIехь цIалиялдалъун . ТIоцебесеб иргаялда дида бичIчIана дирго нафс щиб жо кколебали. Гьелдаса хадуб дир эбел-инсудехун, адаб гьаби цIикIкIана.

КIудияб баркала буго АхIмад-хIажи афандиясе гьаб тIехь къватIибе биччаралъухъ, Аллагьас гьесул баракат щвезабеги тIолго буссурбабазе.

Гьелда хадуб кIудияб баркала буго нужее, гьаб мунфагIат бугеб данделъи гьабуралъухъ.

Жакъа данде гьарурал гIадин, метер къиямасеб къоялъги Аварагасул (с.т.гI.в) ливаул хIамдалда гъорлъ данде гьареги.

**Гъазиева ГIайшат МухIамадовна Росу Кьохъ**

Дица «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехь лъазабуна Аллагьасе гIоло, сайгъаталъе, гIоло лъазабичIо.

Гьаб тIехьалдасан дида лъана гIемерал жал. Дида лъалареб букIарабги лъана. Гьениб бицунеб буго нафсалъулги, чIухIиялъулги, хIусудалъулги ва гьел гурел цогидал лъикIал жалазулги. Гьалда жанир руго гIемерал Аварагасул (с.т.гI.в) хIадисал, ТIадегIанав Аллагьасул аятал лъикIал чагIазул ва гIалимзабазул рагIаби. Гьаб тIехьалдаса дида гIемераб жо бичIчIана. Гьаниб бицунеб буго




Аллагьасул амруялда нахъвилълъине кколебльи ва нагью гьабурал жалаздасан рикIкIалъизе кколеблъи, гIадамазда нахъасан гьибат ва мацI гьабизе бегьулареблъи. Гьаб тIехьалда кинабго лъикIаб буго, цохIониги квешаб жого гьечIо. Амма, гьеб тIехьалда бугеб куцалда хьвадизе Аллагьас нилъее киназего тавпикъ кьеги!

**Абдурахманова Шамси Шахрулабазановна село Годобери**

Книга «Благонравие праведников» многое изменило в моей жизни. Я хочу изменить свою жизнь и устроить ее в соответствии с книгой. Противостоять своему нафсу, потому что следование желанием нафса основа всякого зла. Изучив жизненные истории праведников из книги, хочу воплотить их в свою жизнь. Найти новых друзей которые будут соответствовать всеми качествами сунна Пророка. Изменит свой характер, изменить отношение с родителями и с другими мусульманами. Мне кажется что автор книги хотел поднять авторитет Дагестана. Изменить характер современной молодежи. Что бы противодействовать совершения греховного. Он хотел донести до нас прошлое, истории прошлых праведников, хадисы пророка, и значения слов смысл которых понимаем. А еще он хотел поднять наши нафсы поступеням искренности. Стать искренным рабом Аллагьа, не следуя за мирским, находить время для размышления о вечной жизни после смерти. Следовать слову истины наставлять людей.

**Магомедова Айшат Гамзатовна Село Алак 1989**

Какую пользу я получила от чтения книги «Благонравие праведников».

Прежде всего я восхваляю Всевышнего Аллагьа, за то, что он сделал меня мусульманкой и дал мне тавфикъ обучаться религиозным знаниям и стараться следовать по ним.

В этой книге собрано все, что необходимо для каждого современного человека, что бы он знал и обучался своим знаниями. Это книга нашего муфтия произвела на меня большое впечатление, узнала очень многое полезное для себя в частности как нужно себя вести перед Всевышным Аллагьом, в отношении Пророка МухIаммада (с.гI.в.) и ко всем мусульманам, особенно как нужно правильно стараться проявить усердие по отношение своего нафса, побороть, подавить его желаниям.

И прошу что бы Всевышний дал нашему Муфтию здоровья, долгих лет, для того, что бы он и в дальнейшем наставлял народ.

**Пусть Всевышний поможет нам и будет доволен нами.**

**Амин.**





# МУГIАЛИМАСУЛ ПИКРУ

Щибаб рецц Аллагьасе буго, гьаб гIалам гьадин гIатIидго, берцинго хьихьулев.

Аллагьасул свалат-салам лъейги МухIаммад аварагасда, гьесул агьлуялда.

Дун вуго мугIалим магIарулвагIурус мацIалъул. ХIалтIул стажги кIудияб буго. ЦIалана гIемерал тIахьал гIолохъанаб гIелалъе ва цогидазеги тарбия кьеялда хурхун, хасго магIарул мацIалда хурхун. Тарбия кьей гьеб буго цIакъ захIматаб суал жакъасеб къоялда жаниб. Исламалда хурхинарун жаваб кьезе кIолев чиги гIемер вихьичIо дида.

Гьел киналго захIмалъабазе жаваб кьолеб буго АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалъ.

Дун цIакъ вохана гьеб тIехь щвеялдаса. ЦIалана тIаде кIвар кьун, гьабуна щибаб рагIиялъул, гъварилъиялъул магIна. Бищун хIажатаб тIехь бугин ракIалда ккана дида, хасго гьаб заманаялъ. Бихьун лъан гурого жо бичIчIунаро. Гьаб тIехь цIализе ккола сабруялда, гIодове виччан, хехлъичIого, магIнаялъул хIисабги гьабун, гьединго бичIчIине ккола исламияб, Аллагьасул кьучI гьаб букIин. Дун кIалъарал, дица гара-чIвари гьабурал гIолилаздаги гIемер лъикI лъалеб гьечIо тIехьалъул сурат




алал.

Щивав чияс цIаличIого гIолареб тIехь буго, цIаларал рохун гурого пашманлъичIо.

Цояс абуна: «Унгоунголъунги гьаб тIехь букIун буго «ЛъикIал тIабигIатазул ах»

ГIадатияб ах гуребха, гьаб буго буччараб, тIагIамаб, пихъил цIураб ах. Гьаб кинабго гъорлъ бессараб буго исламалъул, Аллагьасул гIелмуялда. Гьаниб гьечIо Аллагьасул хIукмуялда хурхичIеб жо. Гьелъ буго гьалъул къиматги борхулеб бугеб.

Нафсалъе гьабураб назму цIакъ берцинго, гъваридго хъван буго назмуялъул пассихIлъи щвалде щвараб буго.

ГIолилазе бищунго рекIее гIуна гьадинал бутIрул, «Нафс бацIцIад гьаби», «Нафсалдаса разилъи», «хIусудчиясулгун гьоркьоблъи», «ЧIухIиялъул дару», «тIадегIанлъи бокьи», «ццин бахъиндал гьаризе кколел жал», «гьибат ва мацI гьаби», ва гьел гурел цогидалги. Авар адабияталъул дарс кьолелъул лъималазулгун гара-чIвариялъулъги дица гьаб тIехьалдасан гIемерал суалал рищула, бичIчIизабула Аллагьасул хIукму гьечIого щибго жо бижичIолъи. Аллагьасе бокьичIеб жо щибго букIунареблъи.

Авторас цIакъ ургъун, жиндир заманалда хъван буго гьаб тIехь.

Дир рахъалъан авторасде ракI-ракIалъул салам, кьейги тавпикъ исламияб дин цIунизеги гьеб щула гьабизеги, кьейги диналъе къуват, Аллагьасе гIибадат гьабизе, къуват ва сахлъи, пагьму, халатаб гIумруги.

***Болъихъ росу***
***Нуричуев МухIамад.***
***МугIалим.***

программа

**ГЬУДУЛЛЪИ**

**Газета гIуцIарал:**

**Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив**

**учредитель:**

**Ботлихская районная администрация и коллектив редакции**

БетIерав редактор

***ГI. ГIУМАХАНОВ***

**Жавабияй секретарь**

***З.ГIумарова***

**Отделалъул редакторал**

**М. Ибрагьимов**

**П. Дибирова**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***

***М. ГIумаханова***

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***



*Адрес: 368970*
*Болъихъ росу,*
*Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*



*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна*

*Заказ № _____*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*

*№ 10 - 4614*



*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*


# КОЛОНКА ПРОКУРОРА

## Срок, по истечении которого сельскохозяйственный земельный участок может быть изъят у собственника, в случае его неиспользования по назначению, сокращен с пяти до двух лет

Федеральными законами от 03.07.2016 № 354-ФЗ, 336-ФЗ, 352-ФЗ, внесены изменения в гражданское, земельное, административное законодательство, всего в 7 федеральных законов.

Новыми поправками в закон об обороте земель сельскохозяйственного назначения уточнен порядок изъятия сельскохозяйственных участков, не используемых по назначению, и порядок проведения торгов по их продаже. Срок, по истечении которого сельскохозяйственный земельный участок может быть изъят у собственника, в случае его неиспользования по назначению, сокращен с пяти до двух лет.

Региональный орган исполнительной власти обязан обеспечить проведение кадастровых работ и установление вида разрешенного использования земельного участка, а также провести публичные торги по продаже изъятого земельного участка в течение шести месяцев со дня вступления в законную силу решения суда о его изъятии.

Надлежащее использование находящегося в государственной собственности сельскохозяйственного земельного участка, являющееся условием его продажи арендатору без торгов, должно подтверждаться отсутствием у уполномоченного органа информации о выявленных в рамках государственного земельного надзора и не устранённых нарушениях законодательства при его использовании.

В соответствии с ранее действовавшим положением подтверждать надлежащее использование было необходимо с помощью документов, согласно перечню, установленному в соответствии с законом об обороте земель сельхозназначения.

Росреестр будет обязан ежемесячно не позднее 15-го числа месяца, следующего за отчетным месяцем, сообщать в Россельхознадзор сведения о регистрации перехода прав на сельскохозяйственные участки, в отношении которых в ЕГРН содержатся сведения о результатах проведения государственного земельного надзора, указывающие на неиспользование такого земельного участка по целевому назначению или использование с нарушением.

Установлено также, что земельные участки из земель сельскохозяйственного назначения, расположенные на расстоянии не более 30 км от границ сельских населенных пунктов, не могут использоваться для целей, не связанных с ведением сельского хозяйства.

Кроме того, выдел земельных долей, находящихся в муниципальной собственности, более не должен осуществляться в первую очередь из неиспользуемых земель и земель худшего качества. Соответствующее положение исключено из закона об обороте земель сельскохозяйственного назначения.

Кроме того, Правительство РФ уполномочено устанавливать порядок определения размеров земельных долей, выраженных в гектарах или баллах, в виде простой правильной дроби.

Статья 8.8 Кодекса РФ об административных правонарушениях дополнена частью 2.1, установившей административную ответственность за неиспользование сельскохозяйственного участка по целевому назначению в течение одного года с момента возникновения права собственности на него, если он приобретен по результатам торгов на основании решения суда о его изъятии в связи с неиспользованием по целевому назначению или использованием с нарушением и (или) если в отношении участка имеются сведения о его неиспользовании по целевому назначению или использовании с нарушением в течение установленного срока в виде административного штрафа в процентном отношении к кадастровой стоимости земельного участка, не менее 1 тыс. рублей для граждан и индивидуальных предпринимателей и не менее 100 тыс. рублей для юридических лиц.

Законы опубликованы на официальном интернет-портале правовой информации http://www.pravo.gov.ru 04.07.2016 и вступают в силу со дня официального опубликования, кроме отдельных положений, вступающих в иные сроки.

## ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ПОЛУЧАТЕЛЕЙ СУБСИДИЙ

Сообщаем Вам, что 07.09.2016 г. прошло заседание межведомственной комиссии по проведению сплошной инвентаризации получателей субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг, образовавшейся задолженности по предоставлению гражданам субсидий на оплату ЖКУ по результатам которого был принят Протокол №5/2016 от 07.09.2016 г. (приложение №1). В соответствии с пунктом 5 части III данного протокола по делам не соответствующим Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 № 761 «О предоставлении субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг» (далее Постановление Правительства РФ от 14.12.2005 № 761) начисление субсидий на оплату ЖКУ признается неправомерным.

Доводим до сведения получателей субсидий в Ботлихском районе, после проведения сплошной инвентаризации материалов получателей субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг выявлено, что в Ботлихском районе ни один материал не соответствует Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 г. №761 (прил. 2 и 3), в связи с чем согласно с пунктом 5 части III Протокола межведомственной комиссии по проведению сплошной инвентаризации получателей субсидий №5/2016 от 07.09.2016г. по всем материалам принято решение об отказе выплат субсидии получателям.

Ставим вас в известность, что Постановлением Правительства РД от 05 апреля 2016 г. №78, полномочия по предоставлению субсидии по оплате ЖКУ были возложены на Министерство транспорта, энергетики и связи, а последние приказом от 06 апреля 2016 г. №42, управомочили Государственное автономное учреждения Республики Дагестан «Многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан» на принятие решение о предоставление субсидий на оплату ЖКУ.

Основанием для отказа выплат в большинстве из дел получателей субсидий является отсутствие в материале дела Свидетельства о государственной регистрации права собственности на жилое помещение (зеленка на жилое помещение). Получатели субсидий, у которых имеется Свидетельство о государственной Регистрации права собственности на жилое помещение (зеленка на жилое помещение) и желающие получатели субсидий подавать документы на государственную регистрацию прав собственности, для возобновления субсидий на оплату ЖКУ и по всем другим вопросам могут обратиться в МФЦ Ботлихского района.

## Для МКОУ «Тасутинская ООШ» нужны следующие учителя:

| Предметы | Количество часов | Классы |
|---|---|---|
| Физика | 6 | 7-8-9 |
| Химия | 4 | 8-9 |
| Русский язык и литература | 18 | 5-9 |
| Информатика | 3 | 8-9 |
| Английский язык | 21 | 2-9 |
| | | |